



Pou Piblikasyon Imedya: 09/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL DEKLARE ETA DIJANS NAN KONTE ORANGE PLISKE LAPLI EKSESIF KOZE INONDASYON TOUDENKOU AK LÒT ENPAK KI MENAS LAVI NAN REJYON MID-HUDSON LAN

Yo rapòte uit pous lapli nan konte Orange ki lakòz inondasyon toupatou, fèm ti wout ak lòt enpak sou sekirite moun

Yo te deplwaye senk ekip rapid pou sovtaj nan dlo ak yon veyikil ki gen esye elve pou ede ak efò sekou kont inondasyon yo nan rejyon Mid-Hudson lan

Yo te aktive Sant Operasyon Ijans Eta a ak sant Operasyon Ensandi Eta a pou reponn ak demann asistans lokal yo

Nouyòkè yo ta dwe siveye previzyon meteyowolojik lokal yo jiska lendi pandan yo prevwa plis gwo lapli ak inondasyon

Fèm ti wout nan Konte Rockland, Westchester, Orange, Putnam, ak Konte Clinton

Gouvènè Hochul te deklare jodi a yon Eta Dijans pou Konte Orange, kote yo rapòte uit pous lapli te lakòz gwo inondasyon, anpil fèm ti wout, ak lòt enpak ki gen rapò ak tanpèt. Sou direksyon Gouvènè Hochul, Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la te aktive Sant Operasyon Ijans Eta a epi li pare pou sipòte demann asistans lokal yo. Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) DHSES la te deplwaye kat ekip Rapid pou Sovtaj nan Dlo epi Pak Eta yo (State Parks) te deplwaye yon ekip adisyonèl nan dimanch nan rejyon Mid-Hudson lan pou ede ak efò sovtaj kont inondasyon yo. Anplwaye DHSES yo ki sou teren yo tou entegre nan Sant Operasyon Ijans (Emergency Operations Center) nan Konte Orange lan pou fasilite demann pou asistans lokal yo.

"Mwen ap pibliye yon Eta Dijans nan Konte Orange, ki te eksperimante kondisyon ki menase lavi akòz inondasyon rapid", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou ap apwoche yon pwent enpòtan nan evènman metewolojik sa a, epi Nouyòkè yo dwe rete vijilan. Sonje: evite wout ki inonde, kontwole previzyon lokal ou yo epi prepare yon plan evakyasyon si w nan yon zòn ki an danje."

DHSES ap travay kole ak tout konte ki afekte yo pou kowòdone repons yo Anpil wout ki en State Route 9W ak Palisades Interstate Parkway ap sibi gwo inondasyon ak lavaj. Palisades Parkway nan direksyon Nò a fèmen soti nan sòti 14 rive nan Won Pwen Long Mountain lan. Apati dimanch aswè, te gen plis pase 12,000 pann kouran yo rapòte nan konte Putnam, Dutchess, Albany, Ulster ak Orange.

Apati 8 p.m., fèmti wout yo enkli:

- Palisades Interstate Parkway ak U.S. Route 9W nan Konte Rockland
- U.S. Route 6 nan Konte Westchester
- U.S. Route 9W, State Route 218, State Route 293, State Route 17M, ak State Route 32 nan Konte Orange
- State Route 403 ak State Route 301 nan Konte Putnam
- State Route 190 nan Konte Clinton

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "N ap travay kole ak ajans patnè yo ak gouvènman lokal yo pou abòde inondasyon nan rejyon Mid-Hudson lan aswè a. Nou t ap prepare pandan dènye jou yo pou sistèm metewolojik sa a epi nou te an kontak sere ak ofisyèl lokal yo pandan wikenn nan. Nouyòkè yo ta dwe pran plis prekosyon, si yo vwayaje, epi rete vijilan."

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Lapolis Eta New York ap travay avèk ajans li yo ak patnè fòs lòd yo nan rejyon Hudson Valley a pou mete otomobilis ki bloke yo an sekirite. Nou te deplwaye lòt manm patwouy ak resous ki gen ladan Ekip Rapid pou Sovtaj nan Dlo pou ede moun ki afekte nan inondasyon an. Sa a se yon sitiyasyon ijans ki aktif, epi yo prevwa plis tanpèt. Nou ankouraje otomobilis yo evite zòn nan pou sekirite yo."

Aswè a, ak lannwit lan, yo prevwa gwo lapli ak loraj nan tout eta a. Demen, yo prevwa loraj pou Rejyon Kapital la, New York Santral, Long Island, Mid-Hudson, Mohawk Valley, Vil New York, North Country, ak Rejyon Southern Tier, epi yo prevwa gwo lapli pou Rejyon Finger Lakes la. Chit lapli eksefif ki te koze pa tanpèt loraj k ap deplase dousman ka kontinye lakòz inondasyon toudenkou ak inondasyon rivyè minè ak modere aswè a pou debouche lendi. Pifò pati lès eta a rete anba yon risk modere pou yo gen chit lapli eksefif aswè a ak demen. Gen anpil chans pou gen kantite chit lapli adisyonèl ant 2 a 4 pous, ak kantite ki pi wo lokalman jiska sis pous aswè a ak demen. Yon Avètisman kont Inondasyon rete an vigè pou pifò eta a.

Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak previzyon meteyo yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyon (National Weather Service) la nan <https://alerts.weather.gov>.

Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo enskri pou alèt ijans yo nan abone sou NY Alert nan alert.ny.gov, yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans enpòtan nan telefòn selilè ak òdinatè ou.

Preparasyon Ajans Eta a

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò a ap kontwole epi reponn ak kondisyon metewolojik yo epi li gen plis pase 3,470 sipèvizè ak operatè ki disponib nan tout eta a. Anplwaye ki sou teren nan plizyè rejyon yo angaje totalman epi y ap reponn jan sa nesèsè. Yo ka konfigire anplwaye yo nan nenpòt ki kalite ekipaj repons ki nesèsè (entèkansyon kont inondasyon, dechiktez, chajman ak transpò, vidaj egou, koup ak lans, siyal sikilasyon, elatriye).

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,425 gwo kamyon abèn baskil
- 323 gwo chajè
- 79 ekskavatriis sou ray ak sou kawotchou
- 84 dechiktèz
- 19 aparèy pou fè nivèlman
- 18 kamyon aspiratè ak jè egou
- 15 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Otorite Thruway

Otorite Thruway la genyen 654 operatè ak sipèvizè ki prepare pou reponn a nenpòt pwoblèm ki an rapò ak van oswa inondasyon nan tout Eta a yo avèk eskavatriis ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen yo, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratriis ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmti yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 362 gwo kamyon baskil abèn ak ti kamyon
- 59 Gwo Chajè
- 33 Trelè
- 6 Kamyon Aspiratè
- 12 Ekskavatriis
- 8 dechiktèz ak bwòs
- 100 Twonsonez
- 23 kamyon aeryen
- 22 Chajèz ak Direksyon
- 83 Jeneratriis Pòtab
- 67 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil li](#), ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#). Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka

enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) ki bay dènnye kondisyon sikilasyon yo sou otowout Thruway, suiv [@ThruwayTraffic](#) sou Twitter epi vizite thruway.ny.gov pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Ofisye lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Gad Forè, anplwaye jesyon ijans yo ak pèsònèl rejyonal yo an alèt epi yo ap siveye kondisyon meteyo yo. Pèsònèl DEC la ap fè patwouy aktivman nan zòn ak enfrastrikti ki gendwa afekte pa move tan—ki gen ladan gwo lapli ak inondasyon lokal yo—epi yo pral travay nan tèt kole ak ajans eta ak lokal yo pou kowòdone ekipman rediksyon inondasyon ki gen ladan ponp ak sak sab nan ka diminisyon an ta nesèsè pou pwoteje kay, biznis oswa enfrastrikti yo. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan ekip rapid pou sovtaaj nan dlo yo nan pozisyon pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizitè pak yo dwe vizite <https://parks.ny.gov>, tcheke aplikasyon mobil gratis NY State Parks Explorer oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènnye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Sèvis Piblik

Sèvis piblik New York yo genyen apeprè 5,500 travayè disponib pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta New York, pou evènman sa a. Pèsònèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a te deplwaye manm Patwouy anlplis nan zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo, tankou veyikil kat-pa-kat ak veyikil itilite yo (UTV), yo prè tou pou yo reponn imedyatman. Chofè yo ta dwe evite rejyon ki afekte yo. Palisades Parkway nan direksyon Nò a fèmen soti nan sòti 14 rive nan Won Pwen Long Mountain lan.

Otorite Transpò Metwopoliten

Otorite Transpò Metwopoliten an ap siveye kondisyon meteyowolojik yo depre pou asire sèvis san danje ak fyab. Anplwaye MTA yo ap pare pou entèvni kont tout pwoblèm ki lye ak kondisyon meteyo yo epi retire tout pye bwa ki ta ka tonbe sou wout yo. Nou ankouraje kliyan yo tcheke new.mta.info pou dènnye mizajou sou sèvis. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: MYmta ak TrainTime.

Otorite Pòtyè (Port Authority)

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo. Restriksyon pou vitès yo gendwa an vigè nan pon yo, ansanm ak wout pou ale ak pou sòti nan kafou yo. Yo ap ankouraje pasaje atravè enstalasyon Otorite Pòtyè yo pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta ak anilasyon.

Pou dènye enfòmasyon yo sou enstalasyon Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou [Alèt PA](#) yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo, ki enkli [RidePATH](#) ki bay mizajou nan tan reyèl ak alèt pou sèvis PATH.

Konsèy Sekirite pou Move Tan

Founiti nan Ka Katastwòf

Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Inondasyon Eklè

- Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.
- Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

Zèklè

- Swiv enstwiksyon 30-30: Si tan ant moman ou wè ekla zèklè an epi koute kout loraj la se 30 segonn oswa mwens, kout zèklè an pre ase pou li frape ou. Chèche abri imedyatman. Apre dènye ekla zèklè an, rete tann 30 minit anvan ou soti nan abri ou an.
- Kout zèklè yo frape bagay ki pi wo an. Si ou sou yon liy pye bwa, kouri ale anba l epi kwoupi si ou nan yon zòn ki ekspoze.
- Si ou pa kapab ale nan yon abri, rete lwen pye bwa yo. Si pa gen abri, kwoupi nan zòn ki ekspoze, epi rete lwen a yon distans doub fwa longè pye bwa a.

Tònad

- Si ou deyò, epi yo pibliye yon Avètisman Tònad, chèche abri imedyatman. Si w pa gen okenn kote tou prè w pou w mete w alabri, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete men w sou tèt ou.

- Si ou lakay ou oswa nan yon ti bilding, ale nan sousòl lan oswa nan yon pyès pa andedan nan etaj ki pi ba a. Pa kanpe bò fenèt yo. Plaka, chanm debèn, ak lòt espas chanm enteryè yo ap pwoteje w pi byen. Antre anba yon bagay ki solid oswa kouvri tèt ou ak yon matla.
- Si ou nan yon lekòl, yon lopital, oswa yon sant komèsyal, ale nan zònabri yo deziyen alavans lan. Pa kanpe nan espas ouvè ki laj yo aswa bò fenèt yo. Pa soti deyò pou al nan machin ou.
- Si ou nan yon bilding ki wo anpil, ale nan yon ti pyès pa andedan oswa nan koulwa nan etaj ki pi ba posib lan. Pa pran asansè - pran eskalye pito.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon pèsònèl ak kijan pou rete an sekirite pandan move tan vizite: <https://www.dhSES.ny.gov/safety-and-prevention>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418